

OFFICIAL CITY BUSINESS

1787-00



**City of Boston**

*c/o Direct Energy*

*P.O. Box 180*

*Tulsa, OK 74101-0180*

PRESORTED  
FIRST CLASS MAIL  
U.S. Postage  
**PAID**  
APLUS  
08701

**PA JETE - AVI ENPÒTAN KONSÈNAN PRI ELEKTRISITE'W**



Chè Vwazen,

Vil Boston ap travay pou li kapab pote elektrisite ki abòdab, renouvlab, e ki a yon pri ki stab pou tout rezidan li yo - kèlkeswa de revni yo. [Chwa Elektrisite Kominotè Boston](#) (BCCE) se yon pwogram ki vil la dirije ki travay pou li sove ou lajan pandan ke l'ap ba'w enèji ki pwòp. Pwoswi Standa BCCE bay plis enèji renouvlab e koute mwens ke pri Sèvis de Baz Eversource. An 2023, rezidan Boston ki nan BCCE sove plis ke \$77 milyon dola, yon kay nòmal sove plis ke \$440 an konparezon ak Sèvis de Baz Eversource.

BCCE ofri twa pwodwi elektrisite: Opsyonèl de baz, Standa, ak Green 100 Opsyonèl.

BAZ OPSYONÈL	STANDA (pa defo)	GREEN 100
\$0.14205/ kWh Desanb 2023 – Desanb 2025	\$0.14805/ kWh Desanb 2023 – Desanb 2025	\$0.17195/ kWh Desanb 2023 – Desanb 2025
24% Enèji Renouvlab	39% Enèji Renouvlab	100% Enèji Renouvlab

Ni pwodwi Standard ak Optional Green 100 ofri plis enèji renouvlab ke Eversource. Pandan ke pwogram lan paka garanti rabè, BCCE Standa ak pwodwi de Baz Opsyonèl mwen chè ke pri Sèvis de Baz Eversource (\$0.15772/kWh) jiska Janvye 2025. Konsidere ogmante a Opsyonèl Green 100 ki bay 100% enèji lokal, renouvlab de sous tankou van ak solèy.

Rezidan k'ap resevwa benefis asistans piblik e ki gen yon revni kay ki egal oubyen ki pi ba pase 60% revni medyàn eta a ka elijib pou yon rabè sou bill elektrik yo. Vizite [eversource.com/billhelp](https://eversource.com/billhelp) pou aplike. Patisipasyon'w nan BCCE pap entèfere ak okenn kredi Eversource, plan peman ke oubyenn rabè. Rezidan ki bezwen asistans adisyonèl dwe vizite [boston.gov/energy](https://boston.gov/energy).

Kont ou ap otomatikman anrole nan plan Standa lè yo li kontè'w an Out 2024. W'ap wè li reflète nan bil Eversource Septanb 2024. Ou kapab ogmante, diminye, oubyen retire tèt ou san penalite. Pou aprann plis, vizite nou sou entènèt nan [boston.gov/bcce](https://boston.gov/bcce), rele 3-1-1, oubyen imèl [bcce@boston.gov](mailto:bcce@boston.gov)

Chwa Electrisite Kominotè Boston se yon zouti ki efektiv, abòdab pou ede Boston ale vè tranzisyon enèji. Ansanm nou kapab bati yon Boston ki pi efisyan, ekitab pou generasyon fiti yo. Mèsi pou patinarya ou!

**Brian Swett**

Ofisye Klima Chèf | Kabinè Anviwònman, Enèji, ak Espas Ouvri



Chè Vwazen

Vil Boston ap travay pou li kapab pote elektrisite ki abòdab, renouvlab, e ki a yon pri ki stab pou tout konsomatè li yo.

**Chwa Elektrisite Kominotè Boston** (BCCE) se yon pwogram ki Vil la mennen ki travay pou li kapab sove'w lajan pou bay enèji ki pwòp. BCCE Standa ofri plis enèji renouvlab e koute mwens ke pri Sèvis de Baz Eversource. An 2023, konsomatè komèsyal ak endistriyèl BCCE sove plis ke \$66 milyon dola an konparezon ak Sèvis de Baz Eversource.

BCCE ofri twa pwodwi elektrisite: Opsyonèl de baz, Standa, ak Green 100 Opsyonèl.

BAZ OPSYONÈL	STANDA (pa defo)	GREEN 100
<p><b>\$0.14205/ kWh</b> Desanb 2023 – Desanb 2025</p> <p>24% Enèji Renouvlab</p>	<p><b>\$0.14805/ kWh</b> Desanb 2023 – Desanb 2025</p> <p>39% Enèji Renouvlab</p>	<p><b>\$0.17195/ kWh</b> Desanb 2023 – Desanb 2025</p> <p>100% Enèji Renouvlab</p>

Ni pwodwi Standard ak Optional Green 100 ofri plis enèji renouvlab ke Eversource. Pandan ke pwogram lan paka garanti rabè, pwodwi Standa ak Opsyonèl de Baz BCCE mwen chè ki pri Sèvis de Baz Eversource pou ti kont komèsyal e endistriyèl (\$0.15677/kWh) a jiska o mwen Janvyè 2025. Konsidere ogmante a Opsyonèl Green 100 ki bay 100% enèji lokal, renouvlab de sous tankou van ak solèy.

Pou konsomatè ak plizyè kont Elektrisite ak Eversource, ou kapab jwenn nimewo kont ou pou anrolman sa nan kat pou retire tèt ou. Kont Komèsyal ak Endistriyèl ki sèvi ak 1.5 milyon kWh/ane oubyen ki vle rantre nan BCCE kapab resevwa pri makèt kouran olye de pri Pwogram lan. Si ou gentan chwazi founisè ou dwe retire tèt ou de Pwogram lan. Sa ap asire ke ou kontinye resevwa elektrisite'w nan men Konpetitè sa.

Si kont ou egzante de taks, yon kopi de "Small Business Energy Exemption/Egzanpsyon Enèji pou Ti Biznis" ([cityofbostoncce.com/small-business-tax-exemption](http://cityofbostoncce.com/small-business-tax-exemption)) de ale pa imèl a Direct Energy nan [usn.taxexemption@directenergy.com](mailto:usn.taxexemption@directenergy.com) oubyen faksè a **1-800-504-7428** pou kapab kenbe stati egzansyon taks ou.

Kont ou ap otomatikman anrole nan plan Standa lè yo li kontè'w an Out 2024. W'ap wè li reflète nan bil Eversource Septanb 2024. Ou kapab ogmante, diminye, oubyen retire tèt ou san penalite. Pou aprann plis, vizite nou sou entènèt nan [boston.gov/bcce](http://boston.gov/bcce), rele **3-1-1**, oubyen imèl [bcce@boston.gov](mailto:bcce@boston.gov)

Chwa Elektrisite Kominotè Boston se yon zouti ki efektiv, abòdab pou ede Boston ale vè tranzisyon enèji. Ansanm nou kapab bati yon Boston ki pi efisyen, ekita pou generasyon fiti yo. Mèsi pou patinarya ou!

**Brian Swett**

Ofisyè Klima Chèf | Kabinè Anviwònman, Enèji, ak Espas Ouvri



## VIL BOSTON PWOGRAM ELEKTRISITE DE CHWA POU KOMINOTE A AVI POU KONSOMATÈ

14 Jen, 2024

Chè Konsomatè Sèvis de Baz:

Vil Boston trè kontan pou li anonse ke yo selekte **Direct Energy Services, LLC** ("Direct Energy") antan ke yon founisè pou Pwogram Chwa Elektrisite Kominotè a ("Pwogram"). Pwogram sa se yon agregrasyon minisipal ki pèmèt gouvènman lokal la pou li konbine jan ke rezidan yo achte ak plizyè biznis pou yo kapab ba yo yon altènativ a Sèvis De Baz Eversource (M.G.L. c. 164, § 134). Pwogram sa ap sèlman afekte pòsyon Pwovizyon de bil ou pou mwa. Li pap afekte pòsyon livrezon de bil mwa ou. Eversource ap kontinye ba'w elektrisite men Boston ap chwazi ki konpayi kap founisè pou Pwogram lan. Direct Energy ap bay elektrisite a tout konsomatè ki genyen Sèvis de Baz Boston. Lèt sa la pou li pale'w de Pwogram pou kijan ou resevwa elektrisite. An akòdans a lwa leta, li enfòmè'w de dwa'w ak opsyon'w si ou chwazi pou pa patisipe nan Pwogram sa.

- ✓ **N'AP ANROLE'W OTOMATIKMAN NAN PWOGRAM SA, A MWENS KE OU CHWAZI POU PA PATISPE E OU RETIRE TÈT OU.**
- ✓ **OU SIPOZE REPONN ANVAN 18 JIYÈ 2024 SI OU PA VLE KE NOU ANROLE'W OTOMATIKMAN.**

**OU PAP WÈ OKENN CHANJMAN NAN SÈVIS ELEKTRISITE'W.** Sèl diferans ke w'ap wè sè ke Direct Energy ap ekri anba seksyon "Supplier Services" de bil pou mwa ou. W'ap kontinye resevwa yon bill de Eversource. W'ap kontinye voye peman ou bay Eversource. Eversource ap kontinye reponn ou pou ijans, li kontè yo e antretni liy distribisyon ak liy transmisyon yo. Fyabilite ak kalite sèvis la ap rete menm jan. An plis, w'ap kontinye gen tout dwa a pwoteksyon ke kliyan nou yo genyen.

### KONPAREZON PRI AK TÈM YO

	Pwogram Boston* (Sèvis Founisè a Sèlman)			Eversource (Sèvis Founisè a Sèlman)
	STANDA (defo)	BAZ OPSYONÈL	GREEN 100 OPSYONÈL	SÈVIS DE BAZ
<b>Pri</b>				
Rezidansyèl	\$0.14805 pa kWh	\$0.14205 pa kWh	\$0.17195 pa kWh	\$0.15772 pa kWh
Ti C&I	\$0.14805 pa kWh	\$0.14205 pa kWh	\$0.17195 pa kWh	\$0.15677 pa kWh
Mwayèn & Laj C&I	\$0.14805 pa kWh	\$0.14205 pa kWh	\$0.17195 pa kWh	\$0.12114 pa kWh
Limyè lari	\$0.14805 pa kWh	\$0.14205 pa kWh	\$0.17195 pa kWh	\$0.15677 pa kWh
<b>Kontni pou Enèji Renouvlab</b>	15% Klass I MA REC mande plis ke minimum kondisyon ke leta mande	Satisfè kondisyon ke enèji renouvlab MA mande	100% Klass I MA Obligatwa	Satisfè kondisyon ke enèji renouvlab Massachusetts mande
<b>Dire</b>	Desanb 2023 – Desanb 2025 <i>[Pri yo aplike a sèvis nan kòmansman ak fen nan jou mwa ke nou li kontè nan kote nou ba'w sèvis.]</i>			<b>1 Out, 2024 - 31 Janvyè, 2025</b> <i>[Pri Rezidansyèl, Ti biznis ak Limyè Lari chanje chak 6 mwa. Pri pou Biznis ki moyon ak biznis ki gwo chanje chak 3 mwa.]</i>
<b>Tèm pou soti</b>	<b>PA GEN CHAJ</b>			Ou kapab resevwa yon chaj pou rekonsilyasyon oubyen yon kredi <i>[Gwo biznis sèlman]</i>

\*Pri yo enkli (1) Frè konsiltan a \$0.0007 pa kWh pou fasilite Pwogram Elektrisite de Chwa pou Kominote Boston an e (2) Ajoute yon pri operasyonèl de \$0.00011 pa kWh pou kapab finanse frè pèsònèl ki asosye ak pozisyon Manajè Enèji pou vil la.

\* Pri an kapab ogmante a koz de chanjman nan lwa ki vin fè yon ogmantasyon nan pri yo pou tan ke kontra dire.

### ENFÒMASYON ENPÒTAN

- A prezan, pou Kote Rezidansyèl, Ti C&I ak Limyè Lari To Pousantaj lan pi bi ke pri Sèvis de Baz Eversource. Pri agregasyon an fikse pou 24 mwa (Desanb 2023 a Desanb 2025) pandan ke pri Sèvis de Baz Eversource chanje de fwa pa ane, an Out ak Fevrye. Kòm rezilta, pri agregasyon an gen dwa pa toujou pi piti ke pri Sèvis de Baz Eversource. Gòl agregasyon an se pou li ede ekonomize pandan ki Pwogram lan la kont pri Sèvis de Baz Eversource. Men, **NOU PA KA GARANTI EKONOMI SA YO AK EKONOMI NAN FITI.**
- Pa gen **OKENN CHAJ SI OU RETIRE TÈT OU** de Pwogram lan e retounen nan Sèvis de Baz Eversource.

« GADE DÈYÈ POU PLIS ENFÒMASYON »

**SI NOU VOYE AVI SA BA OU PA LAPÒS** ou pa bezwen pran okenn aksyon pou patisipe nan Pwogram sa.

**TOUT KONSOMATÈ SÈVIS DE BAZ YO** ke nou voye yon avi ba yo ap otomatikman anrole nan Pwogram lan e ap kòmanse benefisye de pri agregasyon an nan kòmansman jou nan mwa Out 2024 ke yo li kontè'w. Jou ap varye depandan de kote ou ye. Jou ke yo li kontè'w ap parèt nan bil ou.

**GADE BIL EVERSOURCE OU POU PLIS AVI** de Pwogram lan.

- Bil Out 2024 ou montre ke n'ap chanje'w a Pwogram Boston an.
- Bil Septanb 2024 ou a ap montre founisè Boston ak pri agregasyon anba "Supplier Services".

**PLAN KI BIDJETE OUBYEN KLIYE KI KALIFYE POU PRI MOUN KI PA FÈ ANPIL LAJAN** ap kontinye resevwa benefis sa yo de Eversource.

**PANO SOLÈ AK KLIYAN NAN KOMINOTE SOLÈ YO** ap kontinye resevwa benefis pou kontè yo oubyen kredi nan bil yo pandan y'ap resevwa elektrisite nan Pwogram lan e nou pap chanje valè kredi yo pandan y'ap patisipe nan pwogram lan.

**TOUT TAKS KI APLIKAB AP NAN BIL LA** kòm chaj de Founisè Elektrisite. W'ap responsab pou idantifye e mande yon egzansyon de koleksyon taks ou si ou bay dokiman ki nesèsè.

**KONSOMATÈ TI BIZNIS KI GEN EGZANPSYON POU TAKS** dwe emèl oubyen fakse kopi Sètifikat Egzanpsyon enèji yo dirèkteman bay Direct Energy Atansyon: USN Tax Exemption at P.O. Box 180, Tulsa, OK 74101-0180 or [usn.taxexemption@directenergy.com](mailto:usn.taxexemption@directenergy.com) (imèl) oubyen (800) 504-7428 (faks) pou kapab kenbe estati egzansyon taks ou.

**SI OU GENTAN CHWAZI YON FOUNISÈ KI SE YON KONPETITÈ POU TÈT OU**, ou dwe retire tèt ou nan Pwogram sa. Sa ap asire ke ou kontinye resevwa elektrisite'w nan men Konpetitè sa.

**SI OU GENTAN CHWAZI YON OPSYON VÈT POU FOUNI'W ELEKTRISITE A TRAVÈ EVERSOURCE** patisipasyon'w nan pwogram lan pap afekte patisipasyon pou resevwa Elektrisite'w nan opsyon vèt.

**SI OU PA VLE PATISIPE NAN PWOGAM SA OU** ou kapab: 1) Retire tèt ou e kontinye peye pri Sèvis de Baz Eversource la; oubyen 2) Retire tèt ou e kontinye ak pwòp Founisè ou (si youn disponib a ou menm).

#### **KÒMAN POU RETIRE TÈT OU**

- Siyen e voye kat pou retire tèt ou a nan envlòp ki deja peye ke nou voye ba ou; **OUBYEN**
- Visite [boston.gov/community-choice-electricity](http://boston.gov/community-choice-electricity) e clique nan opsyon pou retire tèt ou, epi ranpli e soumèt fòm pou retire tèt ou; **OUBYEN**
- Rele Direct Energy nan (855) 402-5868 e mande pou rete nan Sèvis de Baz Eversource.

**NENPÒT KILÈ APRE ANROLMAN** ou kapab retire tèt ou SAN CHAJ. Li kapab pran plizyè bill anvan pou retounen nan Sèvis De Baz Eversource. Si ou chwazi pou retire tèt ou nan premye anrolman, ou kapab soumèt fòm pou retire tèt ou nan [boston.gov/bcce](http://boston.gov/bcce) **OUBYEN** rele Direct Energy nan (855) 402-5868 e mande pou yo mete'w nan Sèvis de Baz Eversource.

**POU CHWAZI YON PWODWI DE BAZ OUBYEN YON PWODWI AK 100% ENÈJI RENOUVLAB NEW ENGLAND** vizite t [boston.gov/bcce](http://boston.gov/bcce) oubyen ou kapab rele Direct Energy nan (855) 402-5868 oubyen mande pou anrole nan youn nan pwodwi yo:

- **Pwodwi de Baz Opsyonèl Boston** satisfè kondisyon pou Enèji renouvlab Massachussetts. Nou ofri pwodui sa a nan \$0.14205 pou chak kWh pou 24 mwa (Desanb 2023 a Desanb 2025).
- **Pwodwi Green 100 Opsyonèl Boston** bay 100% Klass I ke MA rekòmande paske li achte 76% plis Sètifika Enèji Renouvlab (REC) ki plis ke sa eta mande pou enèji renouvlab sa yo. Nou ofri pwodui sa a nan \$0.17195 pou chak kWh pou 24 mwa (Desanb 2023 a Desanb 2025).

**POU PLIS ENFÒMASYON DETAYE** konsènan Pwogram Boston an, tanpri vizite [boston.gov/bcc](http://boston.gov/bcc) ou byen rele nou gratis nan (617) 635-3850. Pou aprann plis de Direct Energy, tanpri vizite [directenergy.com/COB](http://directenergy.com/COB).

**POU KAPAB GEN AKSÈ A PRI POU SÈVIS DE BAZ EVERSOURCE** tanpri vizite:

- Pri Rezidansyèl – [eversource.com/content/residential/account-billing/manage-bill/about-your-bill/rates-tariffs/electric-supply-rates](http://eversource.com/content/residential/account-billing/manage-bill/about-your-bill/rates-tariffs/electric-supply-rates).
- Pri Biznis – [eversource.com/content/ema-c/business/my-account/billing-payments/about-your-bill/rates-tariffs/basic-service](http://eversource.com/content/ema-c/business/my-account/billing-payments/about-your-bill/rates-tariffs/basic-service).

*Colonial Power Group, Inc. se yon konpayi konsiltasyon enèji Vil Boston chwazi sou baz konpetitif pou fasilite Pwogram Elektrisite de Chwa Kominote a.*



## KAT POU RETIRE TÈT OU DE PWOGRAM CHWA ELEKTRISITE KOMINOTÈ BOSTON

Si ou vle patisipe nan Pwogram Chwa Elektrisite Kominotè Boston an, ou pa bezwen pran aksyon sa.

N'ap anrole'w otomatikman.

### Enstriksyon pou retire tèt ou

**Si ou pa vle patisipe:**

- 1) Siyen e date
- 2) Mete li nan anvlòp ke nou ba ou an
- 3) Mete li nan lapòs

Kat la dwe siyen pa konsomatè ki sou bòdwo a ke non li parèt nan adrès ki sou kat la. **Anvlòp la dwe ale nan lapòs denye you 18 Jiyè, 2024 pou kapab retire tèt ou anvan ke ou anrole otomatikman.**

X \_\_\_\_\_

Siyati

Dat